Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 6 (7355)
7 февраль 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Терроризмалде данде чIеялъул Комиссиялда

## ХIалтIи лъикIаблъун рикIкIана



Араб анкьалда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда тIобитIана терроризмалде данде чIеялъул Комиссиялъул заседание. Гьенир гIахьаллъана РДялъул бетIерасул кумекчи, ДРялъул МугIрул территориалияб округалъул вакил С. Сайпов, РДялъул МугIрул территориалияб округалъул динияб рахъалъ полномоченнияв вакил Магьди-ХIажи ГIабидов, Россиялъул УФСБялъул Буйнакск шагьаралда бугеб РДялъул кIиабилеб отделалъул нач. ГI-С. МухIамадов, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов, районалъул Собраниялъул депутатал, росабазул бутIрул, учреждениял-организациязул нухмалъулел.

Заседание бачана «Унсоколо район» МОялъул бетIер, районалъул Терроризмалде данде чIараб Комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадовас.

Данделъаразе саламги кьун ГI. НурмухIамадовас кIвар буссинабуна районалда хIинкъи гьечIолъи букIиналъе гьоркьоб лъолеб бугеб суалалъул кIваралде. «Араб соналда гIаммаб ахIвал-хIал нилъер районалда гIезегIанго гIодобе биччараб букIана. Самоуправлениялъ, ихтияр цIуниялъул органазгун, структурабазгун, диниялгун общественниял органазгун цадахъ рекъон гьарурал хIалтIабаз кIудияб кумек гьабуна терроризмалъулаб хIинкъи лъугIизабиялъе, районалда ахIвал-хIал рукIалиде ккезабиялъе. Гьедин бугоници жеги терроризмалде данде гьабулеб хIалтIи гIодобе биччан тезе бегьуларо»,-ян бихьизабуна гьес.

Тадбиралда хIасилал гьаруна 20I8 соналда Терроризмалде данде чIеялъул Комиссиялъ гьарурал хIалтIабазул, гьединго 20I9 соналда гьаризесел хIалтIабазеги план къабул гьабуна.

КIалъазе вахъарав С. Сайповас бихьизабуна цадахъ рекъон киназго гьабураб хIалтIуца территориялда ккечIин террористлъиялъулал ишал, тIагIинаруна районалда бандитлъиялъулал подпольялда рукIарал. ГIицIго хутIун руго ГIагараб бакъбаккулал улкабазде лъутарал, халкъазда гьоркьосел террористиял организациязда ругел. РДялъул БетIерасул кумекчи, ва МугIрул территориалияб округалъул АТКялъул вакил С. Сайповас «Унсоколо район» МОялъул АТКялъул хIалтIи лъикIаблъун рикIкIана.

Районалда гIадамазул жавабчилъи борхизабиялъул, цIикIкIараб къадар гIадамазул гьоркьоре рачараб хIалтIул хIакъалъулъ Комиссиялъул заседаниялда бицана общественнияб хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатовас.

20I9 соналда Унсоколо районалъул территориялда тIобитIулеб комплекснияб, опертивиябгун профилактикияб «Оружие-выкуп» операция унеб бугеб куцалъул цебе лъуна Россиялъул МВДялъул Унсоколо районалъул отделалъул нач. М. МухIамадовас.

Малъа-хъваялъулаб кIалъайгун цеве вахъана РДялъул муфтияталъул ГТОялъул вакил М-ХI. ГIабидов. Гьес тIадчIей гьабуна гьанже заман цванин лъай кьеялъул учреждениязгун цадахъ терроризм-экстремизмалде данде чIараб тарбия гIолеб гIелалъе кьеялда тIаде кинабго къуват рехизе,-абун. «Гьелъ рес кьезе буго хадубккун гIадамазда гьоркьоб нилъеда дандчIварал гIадал рикьалаби ругел захIмалъаби ккунгутIиялъе. Духовенствоялги тIолабго къуват рехизе буго гIолеб гIел битIараб нухда цIуниялъе ва кквеялъе».

Заседаниялда «Унсоколо район» МОялъул Терроризималде данде чIеялъул Комиссиялъул бетIерав специалист ЖабрагIил ГIалиевасе кьуна гьеб ишалъулъ росарал тIадегIанал хIасилазе ва намус бацIцIадаб хIалтIуе гIоло Дагъистан республикаялул БетIер Васильевасул рахъалдасан именнияб сагIат.

Заседание гIуцIадго ана.

## Мисалияб план къабул гьабуна

Гьаб соналъул 30 январалда АТКялъул заседаниялда цадахъго тIобитIана районалъул депутатазул Собраниялъул данделъиги. Гьениб гIенеккана Унсоколо районалда бугеб МВДялъул отделалъул нач. М. Б. МухIамадовасул докладалдалъухъ.

Гьединго Собраниялъул балагьиялде росун рукIана хадусел магIнаялъул суалал:

«Унсоколо район» муниципалияб гIуцIиялъул Уставалда хиса-басиял ва тIадежураял гьариялъул хIакъалъулъ» ва цогидалги суалал. Гьеб суалалда хурхун кIалъана Собраниялъул бетIерай специалист А. МухIамадгIалиева.

Хадуб Собраниялъул пред. К. Асадулаевас депутатазулгун лъай-хъвай гьабуна Собраниялъул хIалтIуе 2019 соналда гьабураб Мисалияб планалъулгун. Гьенире росун рукIана Генуб, ГьаракIуни росаби гьекъолеб лъедалъун хьезариялъул, водопроводазе ва сооруженияз ремонт гьабиялъул суалалги.

Собраниялъул балагьиялде росарал киналго суалазда хурхун хIукмаби къабул гьаруна.

## Творческиял гIадамазул хIакъалъулъ

Араб анкьалда Унсоколо росулъ бугеб гIолел туристазул станциялда букIана школазул чIахIиял классазул цIалдохъабазул районалдаса рахьарал творчестволъулал гIадамазулгун лъай-хъвай гьабиялде буссараб тадбир. Гьенир гIахьаллъана аваразул пасихIай щагIир, нилъер ракь цояй ГIайищат Малачиева, районалъул «Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор Саният КъебедмухIамадова, СЮТалъул директор Лабазан ГIабдурахIманов, методист ГьатIимат ГIабдулаева, республикаялъул телевидениялъул съемочнияб группа, станциялъул хIалтIухъаби, №1 школалъул чIахIиял классазул цIалдохъаби ва цогидалги.

ДандчIваялда цIалдохъабаз бицана районалдаса рахьарал щагIирзаби – ХъахIабросулъа МахIмудил, МухIамад Гунашевасул, ГI. Малачиевалъул, М. ГIисаевасул, М. СагIадулаевасул, С. КъебедмухIамадовалъул, ХI. ДарбишхIажиевасул творчествабазул, цIалана гьезул кучIдул. ДандчIваялда цIалдохъабазе жидерго цIияб кучIдул цIалана ГI. Малачиевалъ ва С. КъебедмухIамадовалъ.



ЦIалдохъабаз дандчIвазе рачIаразе гIемерал суалал кьуна, пикраби данд рана. Хадуб съемочнияб группаялъ бахъана станциялъул азбаралда бугеб кIудияб хIоралда тIасан ккураб кваридасан ххарулел гIолел туристазул хIакъалъулъ передача.

**Ахихъан**

Районалъул газета

№ 6 (7355)

7 февраль 2019 сон

2 гьумер

Гьал къоязда РДялъул правительствоялъул пред. А. Здуновас гIахьаллъи гьабуна росдал магIишаталъул министерствоялъул коллегиялда. Гьениб аслияб суал букIана АПКялъул хIалтIи лъикIлъизаби, гьелъие квер чIвай гьаби. Гьеб мурадалда 2019 соналда биччан буго 3 млрд. 529,2 млн. гьур.
Гьенибго тIадчIей гьабуна росдал магIишат цебетIезабиялъе зарал гьабулел жалазде.



# Районалъул имамасе - «Исламиял гIелмабазул кандидат»



Рохалилаб хабар босун бачIана гьал къоязда рикIкIадаб сапаралдаса вуссарав районалъул имам ГъазимухIамад Абакаровас.

Сириялъул тахшагьарлъун бугеб Дамаск шагьаралда исламияб университеталда гьес цIунана исламиял гIелмабазул кандидатасул цIар.

Чанго соналъ гьев хIалтIулев вукIана усулул фикъгьи гIелмабазул хасаб темаялда тIад. Гьале ахиралда гьес Дамаскалъул университеталда гIалимзабазул хасаб комиссиялда цебе бергьенлъиялда бихьизабуна гьесие кьураб темаялда жиндирго гъваридаб лъай ва бажари. ГIалимзабаз лъикIаб къимат кьун буго ГъазимухIамадил хIалтIуе.

ГIемерал гIадамал гIахьаллъараб комиссиялда хIалуцараб бахIсалда ГъазимухIамадида кIун буго жиндирго тема гъваридго рагьизе ва къадруял гIалимзаби рази гьаризе.

ГъазимухIамадие ихтияр щвана жегиги гIатIидго бихьизабураб темаялда тIадги хIалтIун докторасул цIаралъеги къеркьезе. Гьесухъ гьеб бажариялъулъ щибго щаклъи гьечIо. Цебе лъураб масъала рагIалде бахъинабизе ГъазимухIамад кIвахI тун къеркьола. Гьелъие нугIлъи гьабула гьаб диссертация цIунизелъун гьес гьабураб жигараб хIаракаталъ. Чанго нухалъ гьев щвана Шамалъул ракьалде, МахIачхъалаялде. Муфтияталъул ахIиялда рекъон вачIарав дунялалдаго машгьурав гIалим МустIафа Бугъалгун консультацияби гьаруна, цIалана гIемераб литература, сардал рорчIун лъазаруна шаргIиял хIукмаби. Гьеб киналъего гьесие кумек гьабуна жиндирго гъваридаб лъаялъ.

ГъазимухIамадида бацIадго ва камилго лъала гIараб мацI ва гьединго мухIканго, берцинго бичIчIула Аллагьасул калам ва хирияб Къуръаналъул мацIги. Гьелъие гьес кьучI лъун букIана анлъго соналъ Дамаскалъул университеталдаги цIалун ва исламалъул машгьурал гIалимзабазухъа дарсал росулагоги. ГъазимухIамадил гьитIинго анищ ва рокьи букIана исламалъул гIелмуялде.

Авалалда лъай щвана жиндирго хъизамалда эбел – инсудасан. Цинги эбелалъул хIаракаталдалъун цIализе витIана Хасавюрталде, батIи-батIиял машгьурал гIалимзабазухъе. Кивехун кканиги мисалияб къагIидалъ тIад чIолаан устарас малъаралда. Школалда вукIана хIаракатав цIалдохъанлъун. ЛъугIизабуна профтехучилище, гьениб щвана хIалтIулал махщелал. Хъулухъ гьабуна Советияб Армиялда.

Сириялдаса вачIун хадув анкьгогIан соналъ дибирлъи гьабуна Генуб росдал мажгиталда. Живго вихьизавуна гъваридаб лъаялъул бажари бугев гIуцIарухъан лъунги. Гьединлъидал муфтияталъ районалъул имамлъунги тIамуна гьев.

ГъазимухIамадида цадахъ кандидатасул цIар цIунана Дагъистаналъул машгьурав гIалимчи Гьодобериса АхIмадицаги. Гьезие якъинаб кIудияб кумек сундулго рахъалъ гьабуна Дагъистаналъул Муфтияталъ. Муфтияталъул кIудияб хIаракат бихьулеб буго Дагъистаналда гьединал къанагIатал гIалимал гIемер гьариялъулъ. Гьездалъун исламалъул цIалул идараби хьезарулел руго. Гьеб букIинаан Дагъистаналда исламалъул кIудияб бергьенлъилъун.

РакI- ракIалъ баркула ГъазимухIамадидаги АхIмадидаги гьеб тIадегIанаб мустахIикъаб цIар щвей ва тавпикъги гьарула докторасул цIаралъе къеркьезеги!

**МухIамад Шамилов**
**Генуб росу.**

Тарих: халкъияб кечI

# Ансадерил бахIарзал

Ансадерил васал чIухIарал чукъби, чан бахIарчи арав чIегIер ракьалде.
Диналъухъ рухI кьурал, Шамил вокьарал, гьесул хьибил ккурал хIинкъи лъаларел.
ГъазимухIамадил кваранияб квер, ТIагьир шагьидлъана гендерил кIкIалахъ.
Хвалил ругънал щварав Шамил имамги, Унсоколо гурищ сахлъизавурав.

ЛъикIав ругъналустар Щайихил ХIусен, Шамиль сахлъизегIан гIодов вуссинчIо
Эркенлъи хириял, ханлъи рихарал, лъикIал бахIарзаца ярагъ босана.
ТIолго хьиндалазул боял ракIарун, дов ГьоцIалъа ХIамзат имамлъунги тун
Ханзаби гъурана нуцаби чIвана, магъало рехана халкъалдасаго.

ГIумахан, Нуцалхан, цинги дой Баху, бутIрул къотIун рана ГIоботIлъарахъе.
Хунзахъ тIалъи босун тIалтIа байрахъ чIван, тIубана дур мурад беццав ГIалилав.
Хунзахъ мажгиталъуб рузман къоялда, балъгояб гъокьчIелалъ ХIамзат чIван хадуб,
Гьеб захIмалъанщинал тIолго бахIарзал, данделъун ургъана имам вищизе.

ГIарахъмегIералъул цо нохъода чIун, Шамилида цIар чIван цIалана АлхIам,
Цинги Шамилица тIадеги вахъун, тIад чи кIалъалареб калам гьабуна.
Гьенив гIахьаллъарав лъеберго чияс, анцI-анцI чи валагьун чабхъен гIуцIеян,
Лъабнусго чи гIураб гьеб чабхъеналъе, нахъоги гьабуна гьадабго буйрухъ.

БахIарзал цIикIкIана, бо гIемерлъана, махщел бугелщинал цере рахъана,
Рагъуй къваригIунеб ярагъ гьабуна, цинги къватIир рахъун къо ккун рагъана.
Дагъистаналъул халкъ данде ахIана, зулмучагIазухъа ханлъи бахъана
Ханзабазул мулкал кодор росана, бацIадаб шаригIат хIалтIизабуна.

Гьелда данде чIарал чIухIухъабиги, бутIрул къотIун рана ракьул чохьонир.
Хъерендерил росулъ сардил гIужалда, бег Султанил ясал асир гьарурав,
Арутанил ГIалил гIеларищ гьунар, гьесда щварал ругънал дагьал рукIинчIо,
Къасирилав, ГIама, дов ГIусманилав, гIурусазулъ рагъун гъазават щварал.

Ургъел махщел тIокIав ЖабрагIил-ХIажи, тIоцебе гIарада жинца гьабурав.
Гьесул гIарададул кутак бихьидал, гIи гIадин тIурана гIурусазул бо.
КъанцIа МаллахIума щунусил бетIер, гуржи-цIор бахъулеб рагъда чIван хвана
Гьесул лебалав вац ВухIамагъази, Хьаргабив вукъана къеркьохъабигун.

Жиндир кваранаб гъеж лъукъараб мехалъ, квегIаквералъ босун хвалчен хьвагIана,
ГIурусазул бода гъорлъеги жуван, гъазават тIубана багьадурасул.
Гьезул эбелалъул лъабабилев вас, ВухIамил хоб буго ШишиликIалда.
Чабхъенгун Щураве унев вукIаго, нухда гъоркьчIел батун туманкI щун хварав.

Лъабавго бахIарчи гIезе гьавурай, гьардарай гурейдай цо гьезул эбел.
Гаргадул МухIастан, Муса-ХIажияв, солдаталги гъурун гъаза тIубарал,
Гъунияв МухIамад, дур хIал чIахъаяв, чIвараб хIободагIан хIинкъи лъаларев.
ХIал квешал тушбаби тIаделъаниги, я хвалчен чучичIо я чу свакачIо.



КъурманиласулвасДибирвухIама, байрахъчи вукIана мюридзабазул,
СалтIа хъалаги ккун рагъулел мехалъ, асир гьаруна гьес чанги гIурусав.
Дов ХIажимурадил божарав гьудул, Валил ХъарахIума хъергъу гIадав чи,
Шамиль кверде унеб захIматаб къоялъ, яхI рехиларилан чIана БербагIар.

Алжаналъуб лъураб хIетIе бугилан, махIаби гурана, гъуждул гурана.
Жакъа хирияб къо, алжан щолеб къо, унге имам кверде капурзабахъе.
Хвалчен хIатIикь ккуна хъирим борчана, гали цебе тIамун хIадурго чIана.
Имамасул рагIухъ гIенеккизе ккун, гIащикъго хутIана хвалченги гьевги.

Шамилида цадахъ Маккаялде ун, хIаж-гIумраги тIубан тIад вуссана гьев.
Гьединал бахIарзал дагьлъидал гурищ, гьаб диналъул хIуби бекун рехараб,
БоцIуца гIорцIичIел гIачи-чахьаца, гIарцухъ бичун ана иманги динги.
Дин бичун босараб гьезул бечелъи, цо-цо багьана щун пасалъун ана.

Шамилил хьибил ккун, диналъухъ рухI кьун, ракьалде араца алжан босана.
Нуж абадиялъго кIочене гьечIо, гьаб халкъалда лъалел гьунараздалъун,
ГIалам хун аниги цIар нахъе буго, бахIарчилъи тIокIал гъазизабазул.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 6 (7355)
Хамиз
7 февраль 2019 сон

3 гьумер

Чи вахъуневани гьаб дунялалда,
Дунялалъул ургъел гъежтIа баччулев.
Инсан гIолевали гьаб инсаният
Аварагас гIадин нухда бачунев:

БоцIуд гIорцIичIезда гIелин абулев.
ГIалам чурхъулезда чармил кIичI балев,
Чилъи бухIаразда яхI ккезабулев,
Зулму бергьаразда гьобо тирулев.

**ГI. Малачиева**



ЦIияб тIехь: «АхIулгохIда ахирисеб хоб»

# «АхIулгохIил» рагъул ахирисел къоял

**Унсоколо районалъул Генуб росулъа публицист МухIамаднаби Ибрагьимовасул «АхулгохIда ахирисеб хоб» абураб тIехь печаталда бахъана 20I6 соналда. Гьелда гIатIидго цебечIезабулеб буго I839 соналъул июнь, июль, август моцIазда «АхIулгохIда» букIараб ахIвал-хIал.**

**Жакъа нижеца районалъул газеталда кьезе байбихьулеб буго гьеб рагъул ахирисел къоязул цо-цо эпизодал. Гьелъ тарих бокьулезе рес кьела унго-унголъунги рагъул къоязда АхIулгохIда букIараб ахIвал-хIал цебечIезабизе.**

1939 соналъул августалъул байбихьуда АхIулгохIда ахирисел рагъал унел рукIана. ХъахIлъи рехилада цадахъ сверухълъи гъугъазабизе лъугьана гIарадабазул кьвагьиялъ. Кинабго такрарлъулеб буго гьал ахириял къоязда билълъун араб къагIидаялда.

ЩулалъулгохI кодобе щвaралдаса нахъе гьеб рахъалдасан АхIулгохIде рачIине дандиязул цIикIкIараб рес букIиналъ цIакъ рахIат хвезабун букIана магIарулазул. Гьезул кинабго шурахъуриялдасан бичIчIулеб буго гьал къоязда АхIулгохIде кутакаб гьужум гьабизе гьел къачIадулел рукIин. АхIулгохIде бищун гIагарлъухъ бугеб парсибги гьелда цебе бугеб хьунлъиялдаги жакъа цIакъго цIикIкIана тушбабазул къадар. Гьеб букIана гьужум хIадурулеб букIиналъул гIаламат. Сордо бачIиналъухъ ралагьун руго имамги гьалмагъзабиги. Гьезда ракIалде ккана дандиял цебе бугеб хьунлъиялдасаги парсисаги нахъе хъамизе.

Боголил какдаса хадур гъазизаби АхIулгохIдаса къватIире рахъана ва дандиял чIарал бакIазде гIагарлъана. ТIубараб нахъисеб къоялъ АхIулгохIги сверухълъиги вахIшияб, кор боркьараб рагъулъ букIана. Шамилил рагъухъабазда бажарана цебе лъураб масъала тIубазабизе. Гъазизабаз тушбаби гьел чIарал бакIаздаса нахъе хъамуна, амма гIемер халат хутIичIо хьунлъигун парс гIурусал гьечIого. Къасиялде гьезухъа бажарана парсир цIидасан щулалъизе. АхIулгохIде гьеб рахъалдасан гьужум гьабизе къачIан ругел рагъухъабазул къадар дандияз нахъияб къоялъ жеги цIикIкIинабуна. Гьеб цIияб къоги гьужумалде ахирисел хIадурлъаби гьарулаго ана.

Тушманас магIарулазде гучаб, вахIшияб гIарадабазул кьвагьи байбихьана анцIила анлъабилеб июлалъул радал цудунго. Бакъанида сагIат щуго тIубазегIан, тIубараб къоялъ чIей гьечIого АхIулгохIде кьвагьдана 24 гIарада. Цадахъго гьаргьадулеб букIана тIубараб гохI. АхIулгохIда рукIарал гIемерисел щулалъабиги минабиги гIарадабаз чIунтизаруна. Ракьуда гъоркь рарал щулалъабазги рикIкIен гIемерал нохъазги хвасар гьаруна магIарулал. АхIулгохIда кинабгIаги хьвади хутIун букIинчIо. ГIурусазда бихьулеб бакIалдасан, Шамилил рагъухъабазул дандечIеялъе ахир лъураб гIадаб хIисаб букIана. Гьединлъидал бакъ тIерхьунеб гIужалда дандияз гIарадабазул кьвагьи къотIизе тана. Солдаталги гьезие бетIерлъи гьабулел офицерзабиги гIедегIана АхIулгохI кквезе.

Пачаясул аскараз магIарулазде гьужум гьабизе лъугьана лъабго батIияб рахъалдасан. Цо – НухгьечIеб гохIде. Цогидаб – гIешдерил лъарахъан гIодореги рачIун, АхIулгохIде. Лъабабилеб – ЩулалъулгохIил рахъалдасан гьебго АхIулгохIде. Ахирисеб букIана бищунго аслияб ва гучаб. ХутIарал рукIана магIарулазул къуватал рикь-рикьиялъе ва аслияб мурад тIубаялъе квербакъизе гьарулел гьужумал.

ЩулалъулгохIил рахъалдасан 


рачIунел дандияздаса АхIулгохI цIуниялъе бетIерлъи гьабулеб букIана наиб Рихьуниса Билал МухIамадица. ГIарадабазул кьвагьи нахъаса къотIарабго, поковник Врангелица жиндирго рагъухъабазе буюрана АхIулгохIде гьужум гьабеян. ЩулалъулгохIдаса АхIулгохIде гIицIго цо бугеб чIедераб сухъмахъалдасан солдатазул цIикIкIараб къадар гьужумалъе ана. Гьужумалъ унезда ракIалде ккун букIана гьенив чIагояв чи хутIун ватиларин. АхIулгохIдеги рорчIун, бигьаго гьеб бахъизе ракIалда букIарал гIурус рагъухъабазда цебе батана гъваридго бухъараб чал. Гьеб бахине солдатал лъугьаралго, магIарулаз тункIал кьвагьизе байбихьана.

Гьеб лахIзаталда картIахъа къватIире цIунцIраби гIадин, киса рахъаралали тушбабазда рихьилалде, нохъаздасаги, хандакъахъаги, ракьулъ рухъарал рукъзабахъаги рачIун, магIарулазул гохI цIуна. Кутакалда хехго гьез жиде-жидер бакI ккуна. Бихьиназда цадахъ рагъизе рахъун руго, рагъухъабазул ретIел ретIарал гьезул лъудбиги, яцалги, улбулги. ХIатта лъималгицин руго кIвараб кумек гьабизе, гамачI-ярагъ аскIобе кьезе къватIире рахъун.

Тушбабаз чал бахана ва гьанже жеги цIикIкIараб гъираялда гьужумалъ рачIунел рукIана. Гьел ккана кIиабилеб ва жеги гъваридаб чалалде жанире. Гьеб мехалда магIарулазе рес щвана ракI разияб куцалда тушбаби гъуризе. Врангелица гьужумалде битIана кIиабилеб бо. Гьелги, тIоцереселго гIадин, кIудияб гъваридаб чалалде жанире, доздаго аскIоре ккана. Хадубго цогидаб богун гьужумалъ вахъана живго полковникги.

КIиабилеб чалалда жаниб тушбабазул вакIарана азаралда щунусгоялде гIагарун чи. Чалалда тIаде балагьараб гохIил каранда бараб кIитIалаяб минаялъусан ва щулалъабазда нахъасан магIарул бахIарзаз гулбузул цIад бана тушбабазде. Цоцалъ къан, цоцаца мерхьунел рукIарал солдатазул кьеразулъ чIахIиял камиял кколел рукIана. Гьез хIалбихьана нахъе лъутизе, амма лъутунги гьезда бажаричIо. ЧIедераб сухъмахъги, ссаналги, сверухълъиги цIун букIана чIварал солдатазул жаназабаз. Гьез нух бацун букIана. ГIурусазул кьерал дагьлъулел, лъугIулел рукIана. ТIуранго гъурун лъугIиялдаса гьел хвасар гьаруна сордо тIаде гIунтIиялъ. Лъукъун ва чIван азаргогIанисев чиги камун, солдатаз ваччун нахъе ворчIана гьениса захIматго лъукъарав барон, полковник Врангел. Гьесда цадахъ рукIарал киналго офицерзаби гъурун лъугIана.

НухгьечIебгохIде гьабулеб дандиязул гьужум гьедигIан гучаб букIинчIо. Гьениб унеб букIана цоцаде кьвагьдей, амма чIахIиял камиял цониги рахъалъе ккечIо.

ГIешдерил лъарахъан рачIунел гIурусал АхIулгохI цIунараз риччана НухгьечIеб гохIдаги АхIулгохIдаги гьоркьоб бугеб къварилъиялде жанире. Цинги байбихьана гьезде кьвагьдезе. Данде кьвагьдезе лъугьарал солдатазул щибго бажарулеб букIинчIо. Гьезул кьвагьи букIана гIададисеб. Гьеб бихьарав Шамилица магIарулазул кьвагьи гьоркьоб къотIизабуна, гьес хIукму гьабуна, лулбиги тIункIихерги хвезабичIого, тушбаби гъуризе бугеб ресалдаса пайдаги босизе.

ГIемерисел кьвагьдохъаби Шамилица рехана ЩулалъугохIил рахъалдасан рачIунел аскариязде данде. Лъарахъ ругел тушбабазде дандейин абуни хIалтIизабуна магIарулазул бищунго некIсияб ярагълъун кколеб гамачI. Дандиязда тIаде гамачI аслияб куцалда руччабаз балеб букIана. Гьенибги чIахIиял камиял ккана тушманасе.

Рагъулъ Жавгьарат йикIана, цогидал руччабиго гIадин, лъарахъан рачIунел тушбабазде данде рагъулезул кьералда. КIвахI, свак лъачIого хьвагIулел рукIана гьелъ тушбабазде тIаде ракIал ганчIал. МаркIачIул гIужалда, рагъ лъугIизе толеб мехалда, свакан рухI лъугIун букIана Жавгьаратил.

АхIулгохIил сверухълъи бацун букIана чIварал капурзабазул жанабаз. МагIарулазда гьоркьорги ккана чIахIиял камиял, гIарадабаз гьабуна кIудияб зарал. Риххизарун рукIана киназдего гIунтIун рукъзал, гьездаго гьоркьоб Шамилил рукъзалги. ХIинкъи букIана хадубккун гIарадаби кьвагьулеб мехалда гьел рукъзбахъ чIезе. Гьанже тIолалго гIадамал нохъаздаги ракьулъ гьарурал рукъзабахъги рахчизе кколел рукIана.

Канлъи къотIулаго, Жавгьарат екерана къаде жалго рахчун рукIараб, ракьулъ бухъараб ва щулаго тIад тIокъараб рокъое. ГIашилтIаса адада аскIов тун вукIарав СагIидида букIана гьелъул ракI. Вас кьижун ватана. ПатIиматги васги рачун, Шамилги тIаде щвана гьенире. Цадахъ яцги йикIана гьесда.

-Гьанибе цадахъ босун букIараб бетарахьги кьуна дица васасе. Церекъадго букIараб куракги турулеб бугоан, гьебги кинабго лъугIизегIан квинабуна СагIидида. ЦIакъ лъикI вуго гьев гьанже. Нуж рачIиналде кьижун кканаха,-ян бицана ГIашильтIаса адаца.

-ГIарадаби кьвагьулеб заманалда цIакъ рахIат хун, хIинкъун вукIана пакъир. БитIахъе гьаргьадилеб букIана гохI,-ан ракIалде щвезабуна Жавгьаратица къаде букIараб ахIвал-хIал.

-ГIураб квенги лъинги гуреб, гьанибе тIокIаб щибго цадахъ босун букIинчIо,-ян абуна ПатIиматица. Кинабго къайиги ретIелги, кванил нахърателги чIунтелзукье ккана.

-ГьабсагIат хварал рукъизе руго, цинги рихxарал рукъзалги щулалъабиги къачIазе рахъаян лъазабизе буго гIадамазда. Какалги ран, нужги рахъа къватIире. Нилъер минаялъеги гIураб зарал ккун бугоан, ганчIидаги ракьалдаги гьоркьоб къайиги ккун батила,-янги абун, Шамил ана.

Хадусеб букIине буго

Редакциялде кагъат

# Яс хвасар гьаюралъухъ - баркала

ГIадамасул гIумроялъулъ лъугьинин бахъинин цебе лъалеб жо букIунаро. Бокьараб мехалда унтизе, къварильиялде ккезе бегьула чи. Лъида лъалеб Аллагьасул хъвай-хъвагIай кинаб бугебали. Гьедин гьаб соналъул 1 февралалда Унсоколо бугеб районалъул больницаялда егарай нижер яс МухIамадова Жамиля лъимер гьабун хадуй захIматаб хIалалде ккана. Гьелъие хIажалъана би. Врачаз хехаб ахIи бана росулъе би кьезе рачIаян. АхIи рагIун заман иналде рекIун, лъелго, больницаялде гIедегIана гIемерал гIадамал. Жидер росу буцIцIаял, кинабго тун рортана инсан хвасар гьавизе! Нухда унаго хехаб ахIи рагIарал цIетIендерил машинацин тIаде щвана кумек хIажат бугищан.



ХIажалъана хехаб операция, гьеб гьабуна МахIачхъалаялдаса ва районалдасаго врачаз ва хвалил квачIикь йигей лъимадул эбел хвасар гьаюна.

Жакъа бадиб магIу хулун баркала загьир гьабизе бокьун буго лахIзат гIадада хвезе течIого яс хвасар гьайизе къеркьарал районалъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъе, акушер-гинеколог ГI. МухIамадгIалиевалъе, МахIачхъалаялдаса ахIарав хирург, акушер-гинеколог ГIалихIажиев МухIамад ГIалихIажиевичасе, районалъул хирургазе, тIолабго медперсоналалъе, ансадерил жамагIаталъего.

Хехаб, жигараб хIалтIуца, би кьезе рачIаразул гIаданлъиялъулал ишаз хвасар гьаюна нижер яс. Ансадерил ва районалъул гIадамазул щивасул рукъалда баракат лъеги, Аллагьас балагьаздаса цIунун таги, нужер къавулъе къварилъи бачIунгеги!

**ГIабдурахIмановасул хъизан лъимал ва тIолабго гIагарлъи.**
**Унсоколо росу.**

# *Макьу щоларезе*

**Къасимехалъ макьу щоларого, кьижизе кIоларого рукIунезе рокьобго гьабизе бегьулеб 10 къагIида рехсон буго:**

1. ГьитIинаб мехалдаса нахъего нилъеда лъалеб къагIида буго – хинаб рахь гьекъей. Гьелъ нерваби гIодорое риччазе гьарула. Рахьалда гьорлъ рукIуна тIабигIияб успокоитель гIадаб асар гьабулел пайдаял аминокислотаби (трапфан ва кальций).

2. Овсяникалъ хехго гIорцIизарула, хинлъизарула, гьелда гьорлъ цIикIкIараб къадаралда клетчатка ва мелатанин (макьил гормон) букIуна.

3. Бананазда гьорлъ букIуна хехго кьижун ккезе квербакъулеб серотин. Амма кьижилалде цIакьго гIемерал бананал кваназе лъикIаб гьечIо, пайдаял веществабаздаго цадахъ гьелда гьорлъ гIемер калориялги рукIуна. Ай, кьижилалде квани, цIайи цIикIкIуна, черх биццалъула.

4. ГьоцIоги жубан ромашкаялъул настоялъ рахIатхвей ва стрессазул хIасилал инарула. ЦохIо чашка гьекъанигицин лъалеб парахалъи лъугьуна.

5. Хъат цIураб миндаль квани, черх тирпфотаналдалъун ва магниялдалъзун хьола ва макьу рекIуна.

6. ЧIагояб ролъул чедалъ квербакъула инсулин гьабизе, гьелъ трипфотан жинца мукьу рекIинабулеб серотиналде сверизабула.

7. РекIел унтаби ва неврозал ругезе врачаз лъикIаблъун бихьизабула бояришник. Гьединго гьелъ стресс бахъула, макьил низам хвараб мехалда квербакъула.

8. Къасимехалъ макьу щунгутIи гIадатлъун лъугьун бугони, къад къоялда жаниб 3-4 нухалъ селдереялъул настой гьекъезе бегьула, ахирисеб нухалъ кьижилалде цебе кколедухъ.

6. Хомелегалъул (шишки хмели) бокьараб аптекаялдаса ричун росизе бегьула. Кьижилалде гьел гьорлъ гьалараб лъим гьекъани, гьелъги макьу бачIинабула.

I0. Хъабхъил сок пайдаяб буго черх биццатал чагIазе, бидул давление бахунезе, черх гьоролел гIадамазе. Гьединго гьелъ квербакъула щулияб макьу бачIинабизеги. Регилалде хъабхъил сокалъул 1 стакан гьекъани, гьелъ цIайи бахине толаро, макьу рахIатаблъун лъугьинабула.

Лъалищ нужеда? Пенсия

# Дозул доба кин бугеб?

Европаялъул хIукуматаз гIадамал пенсиялде унеб ригь некIого цIикIкIинабун буго

Дунялалъул церетIурал хIукуматаз пенсиялъул ригь цIикIкIинабизе байбихьана жеги 80-абилел соназдаго. Россиялде гIагарал Евразиялъул континеталда ва бакъбаккул Европаялда ругел хIукуматаздаги гьеб цIикIкIинабун буго. Мисалалъе, Молдавиялда Азербайджаналда ва Армениялда бихьинал пенсиялде уна 65, руччаби 63 соналде рахиндал. Гьединабго закон бахъулеб буго Казахстаналдаги. Нилъее гIагараб Белоруссиялда бихьиназе бихьизабун буго 63 сон, руччабазе 58 сон. Гьединалго болжалал чIезарун руго Киргизиялда ва Таджикистаналда. 2022 соналдасан Узбекистаналдаги байбихьизе буго пенсиялъул ригь борхизабизе, гьебги халат бахъине буго 2027 соналде щвезегIан. СНГялде гьоркьоре унарел хIукуматаздаги унел руго гьединал хиса-басиял, Грузиялда чIезабун буго руччабазе 63, бихьиназе 65 соназул ригь. Прибалтикалда (Эстония, Латвия, Литва) бихьиназе, руччабазе батIалъи гьечIого 2025-2027соналде пенсиялде унеб ригь борхизабизе буго 65 соналде щвезегIан. Цо-цо церетIурал Европаялъул хIукуматазда (Германия, Испания, Италия) гьеб гIагараб заманалда бахинабизе буго, руччабазе батIалъи гьечIого пенсиязул ригь бахинабизе буго 67 соналде. Даниялдайин абуни 2040 абилеб соналде гьеб ригь бахине буго 70 соналде. Бакъ баккул Европаялда пенсиялде унезул ригь чIезабун буго Польшаялда-65 сон, Чехияялда-63 сон, халкъалъул гIумроялъул ригь цIикIкIиналъул хIасилалда хIалтIун бажарулел чагIазде тIадецуй цIикIкIунеб буго ва



гьединлъидал, хIукуматазул рес гьечIо пенсиял рахьиялъул къагIидаби хисизаричIого. ГIемерисел хIукуматазда гIадамазул пенсиялде унеб ригь борхизабун буго, щайгурелъул, пенсиялъул взносал кьолезулги, гьел щолезулги къадар дандеккунгутIиялъ, гьелъул хIасилалда пенсионеразул яшавги лъикIлъизабизе ккеялда бан.

# Объявление

Уважаемые жители Унцукульского района! Сообщаем вам что,6 февраля, в 10:00 состоится первое селекторное совещание с филиалами ГАУ РД «МФЦ в РД». На нем обсудят вопросы, касающиеся предоставления земельных участков находящихся в собственности Республики Дагестан, производителям сельскохозяйственной продукции. В рамках реализации совместного проекта Республиканского МФЦ и Мингосимущества РД - “Недвижимость для бизнеса” планируется проведение еженедельных селекторных совещаний под руководством Заместителя председателя Правительства РД Екатерины Толстиковой.


| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 06. 02. 19 г. 16. 00 фактически -16. 30 мин. Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз. |
|---|---|---|---|